

Èske ou gen enkyetid sou devlopman pitit ou a? Fason pou Ede Pitit ou



Si ou gen enkyetid sou devlopman pitit ou a, pa tann. Lè ou aji bonè sa ka fè yon vrè diferans!

Pale ak doktè pitit ou a.

Ou konnen pitit ou pi byen. Si pitit ou poko rive nan etap devlopman pou laj li yo, oswa si ou menm, pwofesè pitit ou a oswa yon lòt moun k ap okipe li gen enkyetid sou jan pitit ou jwe, aprann, pale, aji, oswa deplase, pale ak doktè pitit ou epi pataje enkyetid nou yo. Pa rete tann.

■ Sèvi ak yon lis etap devlopman

Ale sou www.cdc.gov/Milestones pou jwenn lis la etap devlopman pou laj pitit ou a. Itilize li pou swiv devlopman pitit ou a. Lè ou pral pale ak doktè a, ekri kesyon ou genyen yo epi montre doktè a ki etap devlopman pitit ou te rive ak sa ki konsène ou yo.

■ Mande doktè a enfòmasyon sou evalyasyon devlopman

Pou fè evalyasyon devlopman la, doktè a ap mande w pou ranpli yon lis etap devlopman oswa kesyonè fòmèl sou fason pitit ou a jwe, aprann, pale, aji oswa deplase. Li bay doktè a plis enfòmasyon pou detèmine kijan l ap pi bon pou ede pitit ou a. Nou rekòmande evalyasyon devlopman sa a pou tout timoun nan sèten laj oswa nenpòt lè gen yon enkyetid. Poze doktè a kesyon sou evalyasyon devlopman pitit ou a.

Pou wè *Etap Devlopman yo Ann Aksyon*, ale sou www.cdc.gov/Milestones.

Si ou menm oswa doktè a toujou gen enkyetid konsènan devlopman pitit ou a, men kijan ou ka ede pitit ou a:

Mande doktè a pou li konekte ou ak pwogram timoun piti eta ou a pou yon evalyasyon gratis pou konnen si pitit ou a ka jwenn sèvis gratis oswa bon mache ki ka ede.

Si doktè ou pa kapab konekte ou, ou ka kontakte yo ou menm. Ale nan www.cdc.gov/FindEI oswa rele **1-800-232-4636**. Mande pou nimewo telefòn founisè entèvansyon bonè nan zòn ou an.

Si pitit ou a gen 3 an oswa plis, rele nenpòt lekòl elemantè piblik, epi mande pou pale ak yon moun ki ka ede ou fè evalye pitit ou a-menm si pitit ou a pa ale nan lekòl sa a.

EPI

Mande doktè a si ou bezwen mennen pitit ou a kay yon espesyalis ki ka evalye devlopman pitit ou a ak plis detay. Si ou bezwen fè sa, mande doktè a pou yon referans epi kontakte espesyalis la tousuit. Si randevou ou ak espesyalis la se nan plizyè semèn, sonje ou ka rele chak semèn yo wè si gen yon randevou pi bonè ki vin disponib. Souvan ou oblije pèsistan pou w ka jwenn èd bonè pou pitit ou.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon, tankou sa pou ou di lè w ap fè apèl enpòtan sa yo, sa ou dwe fè pandan w ap tann yo pou yo konsilte pitit ou a, ak kijan ou kapab jwenn sipò pou fanmi ou, nan www.cdc.gov/Concerned.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-232-4636



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

MLS-243385